



Dènye Tandans yo ak Enpak COVID-19 la nan Brooklyn

Pwen Enpòtan

- Brooklyn genyen pi gwo popilasyon nan senk (5) minisipalite yo. Li te gen 2.7 milyon moun nan lane 2020 epi se te minisipalite ki te gen kwasans ki pi rapid pandan dis (10) ane ki sot pase yo (9.1 pousan).
- Soti 2010 rive 2019, travay nan sektè prive a nan Brooklyn te konnen yon kwasans 47.5 pousan. Sa vle di, kwasans lan te pi rapid pase nan tout vil la (28.7 pousan).
- Travay nan sektè lwazi ak otèl a te konnen yon kwasans ki pi rapid (rive 109 pousan). Anviwon twaka (3/4) nan kwasans sa a se te nan restoran ak ba yo.
- Akoz pandemi an ak entèkansyon otorite sante piblik yo, travay nan sektè prive Brooklyn lan te bese rive 19.3 pousan nan fen mwa jen 2020, pa rapò ak nivo li te ye nan mwa jen 2019 la, sa ki mwens pase to pèt travay nan tout vil la (21.1 pousan).
- Nan senk (5) minisipalite yo, se Brooklyn ki te genyen plis ka COVID-19, moun ki te entène lopital ak moun ki te mouri nan mwa janvyè 2022 a, sa ki reflekte tay relatif popilasyon li an.
- Men, nan senk (5) minisipalite yo, to ka COVID-19 nan Brooklyn antou te dezyèm to ki pi ba nan senk (5) minisipalite yo. To moun ki te entène lopital ak moun ki te mouri yo te twazyèm to ki pi ba.
- Nan trimès lane 2021 an, plis pase 100,000 travay te relouvri nan Brooklyn depi lè aktivite yo kòmanse reprann lan, se sa ki fè se vitès amelyorasyon ki pi rapid pase nan tout vil la.
- Biznis ki nan Brooklyn yo te benefisye yon senkyèm (1/5) oswa plis nan alejman prè federal pou COVID epi plis pase yon dizyèm (1/10) nan sibvansyon yo.
- Minisipalite kontinye jwe wòl sant teknoloji ak inovasyon nan Vil la. Li gen sant plizyè sant pou aktivite endistriyèl ak teknolojik.

Brooklyn (ki toupre Konte Kings) te sibi pi gwo kwasans popilasyon pami minisipalite Vil New York yo ant 2010 ak 2020 epi sanble kwasans sa a p ap kanpe nan wout. Gras ak yon gwo rezo transpò, enstitisyon edikatif moun fè konfyans, ak enfrastrikti pou divètisman ak enfrastrikti kiltirèl, Brooklyn atire nouvo rezidan. Anplis yon gwo popilasyon moun ki pa imigran, minisipalite a atire imigran ki soti nan peyi tankou Lachin, Jamayik, Repiblik Dominikèn, Ayiti, Ikrèn, Meksik, Trinidad ak Tobago epi Larisi, sa ki mete li nan lis 10 premye yo pou pi gwo pousantaj imigran pami pi gwo konte yo nan peyi a.

Kwasans popilasyon an bay avantaj ekonomik, piske travay, revni medyan, ak biznis yo te konnen ogmantasyon ki depase ogmantasyon nan vil la depi 2010. Men, gen yon gwo varyasyon nan rezilta ekonomik yo, piske gen kèk katye ki rete lwen dèyè onivo vil ak minisipalite yo. Anplis, to povrete moun nan kay ak timoun yo toujou pi wo pase nan tout vil la, menm si eka yo redwi.

Pandemi COVID-19 la agrave fòskote sa a nan devaste ekonomi Vil la, ki kontinye gen difikilte pou li reprann aktivite nan tout sektè li yo. Miyò, sektè swen sante, komès an detay, lwazi ak Ospitalite ak sèvis biznis, ki te reprezante prèske yon ka nan travay, pa t' rekipere totalman nan twazyèm trimès 2021. Malgre sa, nivo travay yo te ogmante nan tout sektè yo sof de (2) depi lè aktivite yo reprann lan, kantite moun ki pran metwo ap ogmante, epi Brooklyn kontinye ap devlope ekosistèm inovasyon li an gras ak sipò patnè yo ki nan Vil la ak nan Eta a. Pou Vil la ka reprann aktivite li yo nèt, Brooklyn pral oblije retounen sou trajektwa ekonomik li te ye anvan pandemi an.

Entwodiksyon

Brooklyn se dezyèm pi gwo minisipalite nan zafè sipèfisi (70.82 mil kare) nan senk (5) minisipalite yo apre Queens (108.53 mil kare). Anpil nan premye koloni yo fè pati zòn oswa katye nan Brooklyn ki selèb jodi a (gade Imaj 1 an).

Piske minisipalite a devlope sou plan jewografik, peyizaj li devlope tou, soti nan ansyen kay an grès wouj yo (brownstones) pase nan bilding izaj miks rive nan bilding deliks, iltramodèn yo. Nan kad dènye jefò ki fèt pou renove ak modènize zòn Brooklyn, yo konsantre sou konstriksyon pak endistriyèl ak katye teknoloji ak inovasyon. Kidonk, Downtown Brooklyn se pi gwo katye komèsyal santral Vil la an deyò Manhattan.

Brooklyn gen yon gwo rezo transpò ki gen ladan li transpò piblik (otobis, liy metwo, liy tren ak feri) ak wout. Rezo sa a konekte ak rès Vil New York gras ak kat (4) pon (Pon Brooklyn Bridge ladan), Brooklyn Battery Tunnel ak plizyè liy metwo.

Minisipalite a gen ladan omwen 20 etablisman ansèyman siperyè, ki gen ladan senk (5) kanpis SUNY ak kanpis CUNY.¹ Epitou, gen enfastrikti

IMAJ 1 Kat Brooklyn



Sous: OpenStreetMap

pou divètisman ak enfastrikti kiltirèl selèb tankou Brooklyn Academy of Music, Brooklyn Music School, Theatre for a New Audience, BRICK theatre ak Kings Theatre. Barclays Center, Coney Island Amusement Parks ak New York Aquarium chita kò yo tou nan Brooklyn.

Tandans Demografik

Selon Resansman 2020 an, minisipalite Brooklyn te gen popilasyon ki pi gwo nan senk (5) minisipalite yo ak kwasans ki pi rapid pandan dis (10) dènye ane yo (gade Imaj 2). Minisipalite a te vin gen apeprè 230,000 rezidan soti 2010 rive 2020, sa ki reprezante 37 pousan nan kwasans popilasyon an nan tout vil la.

IMAJ 2 Kwasans Popilasyon selon Minisipalite

Minisipalite	Popilasyon Total 2020	Chanjman 2010 rive 2020
Brooklyn	2,736,070	9.1%
Queens	2,405,460	7.7%
Manhattan	1,694,250	6.8%
Bronx	1,472,650	6.2%
Staten Island	495,750	5.6%
Vil New York	8,804,190	7.6%

Sous yo: Biwo Resansman Etazini, analiz OSC

Tandans lan jiska 2019 montre se yon ekspansyon popilasyon moun ki pa imigran yo ki te lakoz kwasans popilasyon Brooklyn lan.² Soti lane 2010 rive lane 2019, Brooklyn te gen yon kwasans popilasyon moun ki pa imigran ki te 6 pousan, li prèske double pousantaj nan tout vil la. Sa ki te makonnen avèk yon bès 4.5 pousan nan popilasyon imigran an, sèl minisipalite ki konnen yon bès nèt nan gwoup sa a pandan peryòd sa a.

Poutan, plis pase 900,000 rezidan Brooklyn se te imigran an 2019, sa ki te reprezante 35.4 pousan nan popilasyon Brooklyn lan, ki se dezyèm pi gwo pousantaj pami tout minisipalite yo, apre Queens ki gen yon pousantaj 47.6. Brooklyn te gen sizyèm pi gwo pousantaj popilasyon pami 829 pi gwo konte yo nan tout peyi a.

Byenke imigran ki nan Brooklyn yo soti nan plis pase 150 peyi, 10 premye peyi yo soti yo reprezante plis pase mwatye popilasyon imigran an (gade Imaj 3 a). Ladan yo, Brooklyn te genyen plis imigran ki soti nan chak nan peyi sa yo pase nenpòt minisipalite: Jamayik, Ayiti ak Trinidad ak Tobago (ki gen pi gwo kantite imigran ki nan katye Canarsie/Flatlands, East Flatbush/Farragut/Rugby and Crown Heights South/Prospect Lefferts/Wingate), epi Ikrèn ak Larisi (yo fè pil ak makòn nan katye Sheepshead Bay/Gerritsen Beach/Homecrest ak Brighton Beach/Coney Island).

IMAJ 3 Popilasyon Imigran ki nan Brooklyn

10 Premye Peyi kote yo Soti	Kantite nan lane 2019	Pousantaj Brooklyn nan Vil New York
Lachin	122,700	34%
Jamayik	67,300	39%
Repiblik Dominikèn	56,400	14%
Ayiti	45,700	54%
Ikrèn	41,400	68%
Trinidad ak Tobago	41,000	58%
Larisi	38,900	62%
Meksik	37,800	24%
Giyana	37,000	29%
Ekwatè	19,100	17%
Soutotal	507,150	32%
Total	907,540	30%

Remak: Nan soutotal la genyen tout lòt peyi ki pa nan imaj la. Sous yo: Biwo Resansman Etazini, analiz OSC

Nan tout rezidan Brooklyn yo, (ladan yo gen alafwa moun ki pa imigran ak moun ki imigran), 35.4 pousan nan popilasyon an te fè konnen ras oswa gwoup etnik yo se moun Blan nan lane 2020, 26.7 pousan te di yo se moun Nwa oswa Ameriken Nwa, 18.9 pousan te di yo se Ispanik oswa Latino, 13.6 pousan te di yo se Ameriken Azyatik ak Moun Zile Pasifik epi 4.1 pousan te di yo se de (2) oswa plis ras moun.

Resansman 2020 an te revele popilasyon peyi a plis miltirasyal (plizyè ras moun) ak milti-etnik (plizyè gwoup etnik) pase jan yo te mezire li oparavan.³ Kategori ras oswa gwoup etnik ki ogmante pi rapid nan Brooklyn ak Vil la pandan dis (10) dènye ane yo se te de (2) oswa plis ras

moun. Kantite patisipan ki te chwazi kategori sa a te ogmante rive 249 pousan nan Brooklyn depi lane 2010, 124 pousan nan tout vil la epi 276 pousan nan tout peyi a.

Nan Brooklyn, Ameriken Azyatik ak Moun Zile Pasifik yo te dezyèm kategori ki te ogmante pi rapid (san konte sila yo idantifye kòm "lòt") nan popilasyon an, ki se yon ogmantasyon 41 pandan dis (10) lane. Popilasyon Moun Blan ak Ispanik oswa Latino yo te ogmante nan Brooklyn pandan peryòd la, men kwasans yo te pi piti, 8.4 pousan ak 3.4 pousan, yo chak. Sèl kategori ki te bese se te kategori Moun Nwa oswa Ameriken Nwa yo (9.7 pousan), sa ki te pi plis pase bèss nan tout vil la (5.1 pousan).

Apreprè 40 pousan nan rezidan Brooklyn ki gen 25 lane oswa plis te rive genyen omwen yon diplòm lisans an 2019, ki se yon pousantaj ki pi wo pase nan nenpòt lòt minisipalite sof Manhattan. Sa reprezante yon ogmantasyon 10.6 pwen pousantaj depi 2010, sa ki depase nenpòt lòt minisipalite lontan.

Soti lane 2010 rive lane 2019, laj mwayen rezidan Brooklyn yo te ogmante rive 1.4 pwen pousantaj pou li atenn 35.6 lane, menm si li rete anba 37.2 lane pou tout rezidan vil yo.

Reveni Moun nan Kay ak Povrete

Reveni mwayen moun nan kay nan Brooklyn te ogmante rive 58.8 pousan ant 2010 ak 2019. Menm si ogmantasyon sa a te plis pase nan nenpòt lòt minisipalite lontan, li rete anba nivo medyan nan tout vil la (gade Imaj 4 la).

IMAJ 4 Reveni Mwayen Moun nan Kay selon Minisipalite


Minisipalite	Reveni Mwayen Moun nan Kay 2010	Reveni Mwayen Moun nan Kay 2019	Chanjman 2010 rive 2019
Brooklyn	\$42,150	\$66,900	58.8%
Manhattan	\$63,800	\$93,650	46.8%
Queens	\$53,100	\$73,700	38.9%
Staten Island	\$70,600	\$89,800	27.3%
Bronx	\$32,600	\$41,400	27.2%
Vil New York	\$48,700	\$69,400	42.4%

Sous yo: Biwo Resansman Etazini, Ankèt Kominotè Ameriken, estimasyon 1 lane; analiz OSC

Sèt (7) nan 10 katye nan tout vil la ki gen to kwasans ki pi wo nan revni mwayen moun nan kay soti lane 2010 rive lane 2019 te nan Brooklyn. Anfèt, twa (3) premye katye nan vil la se te Greenpoint/Williamsburg, ki te ogmante rive 134.7 pousan, Crown Heights North/Prospect Heights, ki te ogmante rive 93 pousan ak Park Slope/Carroll Gardens/Red Hook, ki te ogmante rive 87.2 pousan.

Brooklyn gen yon melanj katye kote gen ti revni, revni modere ak gwo revni. Nan 18 katye resansman an defini nan minisipalite a, revni mwayen moun nan kay pou lane 2019 te varye soti nan \$155,250 maksimòm nan Park Slope/Carroll Gardens/ Red Hook rive nan \$31,350 minimòm nan Brownsville/ Ocean Hill (gade Imaj 5 lan).⁴

IMAJ 5
Revni Mwayen Moun nan Kay selon Katye, 2019



Sous: Biwo Resansman Etazini, Ankèt Kominotè Ameriken, 2019.

To povrete moun nan kay ak timoun nan Brooklyn nan lane 2019 (sètadi, pousantaj fanmi ak timoun ki ap viv anba nivo povrete a) te dezyèm pi wo nan senk (5) minisipalite yo (apre Bronx). Malgre sa, to povrete fanmi ak timoun nan Brooklyn nan te bese depi 2010 epi se te ak diferans ki pi gwo

pase pou tout vil la, sa ki fè ka yo vin pi redwi (gade Imaj 6 la).

IMAJ 6
To Povrete Moun nan Kay ak Timoun yo

Zòn	Pousanta j nan lane 2010	Pousanta j nan lane 2019	Diferans
Moun nan kay			
Brooklyn	21.5	17.3	-4.2
Vil New York	18.7	16.4	-2.3
Timoun			
Brooklyn	34.0	24.5	-9.5
Vil New York	30.0	22.2	-7.8

Sous yo: Ankèt Kominotè Ameriken Biwo Resansman Etazini, estimasyon 1 lane; analiz OSC

Nan katye Brooklyn yo, Brownsville/Ocean Hill te gen to povrete moun nan kay ak timoun ki pi wo (33.4 pousan ak 47.4 pousan, yo chak) tandiske Park Slope/Carroll Gardens/Red Hook te gen to pi ba a (7.1 pousan ak 6.6 pousan, yo chak) nan lane 2019.


Kat (4) katye ki gen pi gwo rediksyon nan to povrete timoun yo ant lane 2010 ak lane 2019 nan minisipalite a (Flatbush/Midwood, Crown Heights North/ Prospect Heights, East New York/Starrett City ak Bedford-Stuyvesant) te gen bès ki varye soti nan pwen pousantaj 16 rive an pwen pousantaj 24.

Plis pase yon senkyèm (1/5) nan moun nan kay Brooklyn (20.9 pousan) te benefisye alokasyon Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemanantè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP) nan lane 2019, ki se yon pousantaj ki pi wo pase nan tout vil la (18.6 pousan), tandiske plis pase yon tyè (1/3) nan rezidan Brooklyn yo (36.6 pousan) te benefisye Medicaid, ki se yon pousantaj ki pi wo pase nan tout vil la (32.5 pousan).

Nan katye a, apeprè 40 pousan moun nan kay ki nan Brighton Beach/Coney Island te benefisye alokasyon SNAP, epi 55 pousan nan rezidan Borough Park/Kensington/Ocean Parkway te benefisye Medicaid, ki se pousantaj ki pi wo nan tout katye yo nan toude ka yo.

IMAJ 7

Travay nan Sektè Prive nan Brooklyn



Remak: 2020 gen koulè ble pal pou konparezon.
Sous yo: Depatman Travay Eta New York; analiz OSC


Kwasans nan zafè Travay

Anvan pandemi an, Brooklyn te ajoute 216,460 travay antou nan sektè prive a soti lane 2010 rive lane 2019 (gade Imaj 7 la). Sa reprezante yon kwasans 47.5 pousantaj nan zafè travay, sa ki pi rapid pase nan nenpòt lòt minisipalite lontan. Kwasans nan tout vil la nan zafè travay se te 28.7 pousan.

Sèvis edikasyon ak sèvis sante se sektè ki bay plis djòb nan Brooklyn (menm jan ak nan tout lòt minisipalite yo sof Manhattan) avèk 289,260 djòb nan lane 2019 (gade Imaj 8 la). Sektè komès,

IMAJ 8

Travay nan Brooklyn selon Sektè, 2019



Sous yo: Biwo Resansman Etazini, Ankèt Kominotè Ameriken, estimasyon 1 lane; analiz OSC

sèvis transpò ak sèvis piblik vini annapre avèk 124,230 djòb. Lòt pi sektè ki bay plis djòb la, ki se sektè lwazi ak otèlri, te konnen kwasans ki pi rapid lan ant lane 2010 ak lane 2019. Anfèt, sektè a te gen yon kwasans 109 pousan. Apreprè twa ka (3/4) nan kwasans sa a te chita nan restoran ak bay yo.

Nan katye Brooklyn yo, twa (3) katye ki te gen plis travay nan lane 2019 (ansanm reprezante plis pase yon tyè nan tout djòb yo nan minisipalite a) se te Brooklyn Heights/Fort Greene, Borough Park/Kensington/Ocean Parkway ak Greenpoint/Williamsburg. Twa (3) katye ki te gen mwens djòb yo se te Crown Heights South/Prospect Lefferts/Wingate, Brownsville/Ocean Hill ak East Flatbush/Farragut/Rugby.

Kwasans nan zafè travay soti 2010 rive 2019 te varye anpil nan minisipalite a. Twa (3) katye te double oswa prèske double kantite travay yo bay: Bedford-Stuyvesant ki gen yon kwasans 104.8 pousan, Borough Park/Kensington/Ocean Parkway ki gen yon kwasans 100.2 pousan, epi Sheepshead Bay/Gerritsen Beach/Homecrest ki gen yon kwasans 93.5 pousan (gade Imaj 9 la, paj ki vini annapre a). Brooklyn Heights/Fort Greene te gen kwasans nan zafè travay ki pi lan avèk 20.2 pousan ak East Flatbush/Farragut/Rugby ki te fè yon bèz 1.9 pousan.

Kòb yo peye antou nan Brooklyn (ki reflekte alafwa salè mwayen yo ak kantite djòb) te ogmante rive 74.5 pousan soti lane 2010 rive lane 2019 pou li rive nan \$30.5 milya, sa ki te pi rapid pase nan nenpòt minisipalite, ki varye soti 47 pousan nan Bronx rive 58.6 pousan nan Queens.

Ogmantasyon salè total Brooklyn lan te fèt plis akòz kwasans travay la. Se pa ogmantasyon salè mwayen yo ki te lakoz. Salè yo mwayen yo te sèlman ogmante rive 18.3 pousan pandan menm peryòd la, se to ki te pi ba nan tout minisipalite yo. Epitou, Brooklyn te genyen salè mwayen ki pi ba nan lane 2019 a \$45,400. Tout lòt minisipalite yo te mwens pase \$53,000 sof Manhattan ki gen \$131,800.

IMAJ 9

Kwasans nan zafè Travay nan Brooklyn, 2010 ak 2019

Katye	2010	2019	Kantite Travay yo Ajoute	Chanjman Pousantaj
Borough Park/Kensington/Ocean Parkway	38,864	77,820	38,956	100.2
Sheepshead Bay/Gerritsen Beach/Homecrest	26,586	51,431	24,845	93.5
Greenpoint/Williamsburg	48,839	73,126	24,287	49.7
Sunset Park/Windsor Terrace	36,878	51,875	14,997	40.7
Brooklyn Heights/Fort Greene	66,942	80,454	13,513	20.2
Bensonhurst/Bath Beach	20,621	33,222	12,600	61.1
Bushwick	16,128	27,450	11,321	70.2
Bedford-Stuyvesant	10,746	22,012	11,266	104.8
Canarsie/Flatlands	26,306	35,814	9,508	36.1
Brighton Beach/Coney Island	18,410	27,468	9,058	49.2
Flatbush/Midwood	19,040	27,020	7,980	41.9
Bay Ridge/Dyker Heights	17,465	25,217	7,752	44.4
Park Slope/Carroll Gardens/Red Hook	35,687	42,959	7,273	20.4
East New York/Starrett City	19,045	26,117	7,072	37.1
Crown Heights North/Prospect Heights	11,367	15,462	4,095	36.0
Brownsville/Ocean Hill	9,979	13,603	3,624	36.3
Crown Heights South/Prospect Lefferts/Wingate	8,465	11,400	2,935	34.7
East Flatbush/Farragut/Rugby	14,854	14,570	(284)	(1.9)
Kantite Travay Antou	446,223	657,021	210,798	47.2

Sous yo: Depatman Travay Eta New York; analiz OSC


Kwasans Biznis

Anvan pandemi an, Brooklyn te konnen yon gwo kwasans ant lane 2010 ak lane 2019 (gade Imaj 10 la) sitou gras ak ekspansyon mikwo biznis yo. Selon definisyon Administrasyon Ti Biznis Etazini, ti biznis yo se sila yo ki gen mwens pase 10 anplwaye. Kantite biznis nan sektè prive a te

ogmante rive 31.6 pousan pandan peryòd sa a, sa ki te pi rapid pase nan nenpòt lòt minisipalite. To kwasans Brooklyn te plis pase doub to kwasans nan Staten Island lan, Bronx ak Manhattan epi 50 pousan pi wo pase nan Queens. Plis pase 80 pousan nan kwasans lan se te nan mikwo biznis yo.

IMAJ 10

Kwasans Biznis nan Brooklyn Depi 2010



Remak: 2020 gen koulè ble pal pou konparezon.
Sous yo: Depatman Travay Eta New York; analiz OSC

Menm si kwasans nan kantite biznis yo te fèt nan plizyè sektè, antrepriz enfòmasyon, tankou antrepriz telekomunikasyon, konpayi fim, antrepriz difizyon radyo ak tele, ak antrepriz pwogramasyon pa kab yo (104.1 pousan), antrepriz lwazi ak otèlri yo (62.3 pousan, prensipalman restoran ak ba yo) ak antrepriz sèvis pou biznis yo (51.4 pousan). De (2) dènye sektè yo reprezante plis pase yon tyè (1/3) nan nouvo biznis ki nan minisipalite a.

Kantite biznis ki nan chak katye Brooklyn yo varye soti nan 1,110 nan Brownsville/Ocean Hill rive nan 6,750 nan Greenpoint/Williamsburg. Kantite biznis nan plizyè katye te ogmante,

tandiske ogmantasyon 75 pousan nan Bedford-Stuyvesant lan te fèt pi rapid soti lane 2010 rive lane 2019.

Mendèv ki Rezidan

Brooklyn te gen 1.2 milyon rezidan ki ap travay nan lane 2019, avèk yon revni mwayen ki se \$64,600 pa rapò ak \$73,300 pou Vil la an jeneral.⁵ Nan katye Brooklyn yo, twa (3) ladan yo te gen revni mwayen ki plis pase \$88,000 nan lane 2019 epi yo te pami 10 premye yo nan tout vil la (Park Slope/Carroll Gardens/Red Hook, Brooklyn Heights/Fort Greene ak Greenpoint/Williamsburg). Senk (5) katye nan minisipalite a te gen revni mwayen ki mwens pase \$50,000 (Brighton Beach/Coney Island, Bushwick, Bensonhurst/Bath Beach, East New York/Starrett City ak Brownville/Ocean Hill).


Pandemi an atire atansyon sou jan kèk endistik oswa pwofesyon kapab adapte yo ak zafè travay a distans lan. Sila yo ki nan sektè fas-a-fas yo, tankou swen sante, komès an detay, lojman ak sèvis restorasyon, sèvis transpò ak estokaj nan depo, konstriksyon, sèvis pèsònèl (pa egzanzp, salon maniki ak pediki ak reparasyon machin), atizay ak divètisman, epi pwodiksyon, te gen pi gwo risk pou yo trape COVID-19 la akòz aktivite pwofesyonèl yo epi yo te gen pi gwo risk pou yo tonbe nan chomaj.⁶ Nan tout vil la, gen plis rezidan (plis pase twa ka (3/4)) ki ap travay nan sektè sa yo pase nan sektè ki ankouraje zafè travay a distans, tankou sèvis pou biznis ak aktivite finansyè yo.

Nan lane 2019, anviwon 23 pousan nan mendèv ki Brooklyn te travay nan sektè ki ankouraje zafè travay a distans lan, sa ki kadre ak tout vil la (23.1 pousan). Nan senk (5) minisipalite yo, Manhattan te gen pi gwo pousantaj la ki se 40 pousan, tandiske nan Staten Island, Queens ak Bronx mwens pase 19 pousan nan mendèv la te travay nan sektè a distans yo.

Nan Brooklyn, pousantaj rezidan k ap travay ki nan sektè a distans yo te varye anpil nan katye yo soti nan 44 pousan (Greenpoint/Williamsburg) rive 7.9 pousan (East New York/Starrett City) nan lane 2019. An jeneral, plis pousantaj rezidan ki te travay nan sektè ki ankouraje zafè travay a distans yo pi wo, se plis revni mwayen moun nan kay la (ak revni anyèl mwayen pou chak ouvriye) pi wo pou kayte sa a (gade Imap 11 lan).

IMAJ 11

Pati nan Mendèv Rejyon an ki nan Sektè A Distans yo



Sous: Biwo Resansman Etazini, Ankèt Kominotè Ameriken, 2019

Enpak COVID-19 sou Sante

Nan prentan 2020 an, Vil New York se te nannan pandemi COVID-19 la Ozetazini. Depi lè a, Vil la te sibi plizyè vag pandemi pandan pwopagasyon COVID-19 t ap monte desann avèk pwopagasyon nouvo varyant yo.⁷ Avèk devlopman vaksen ak pi bon tretman kont viris la, moun pa fè maladi grav ankò lè yo enfekte, sitou pami moun ki vaksinen yo.

IMAJ 12

Kantite Ka, Moun ki Entène Lopital ak Moun ki Mouri Antou nan COVID-19 selon Minisipalite

Minisipalite	Ka yo	Kantite Moun ki Entène Lopital	Kantite Moun ki Mouri	To Ka yo	To Moun ki Entène Lopital	To Moun ki Mouri
Bronx	406,702	34,411	7,715	28,677	2,426	544
Brooklyn	694,279	48,327	12,783	27,121	1,888	499
Manhattan	399,305	22,820	5,430	24,517	1,401	333
Queens	637,778	44,359	11,834	28,297	1,968	525
Staten Island	165,346	8,984	2,310	34,726	1,887	485
Vil New York	2,303,961	158,925	40,073	27,636	1,906	481

Remak: To se pou chak 100,000 moun; done pou 29 mas 2022.
Sous yo: Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York, analiz OSC

Lè nou analize tout enpak pandemi an depi lè li kòmanse a, se nan Brooklyn ki te gen pi gwo kantite ka, moun ki entène lopital akoz COVID-19 ak moun ki mouri nan COVID-19 antou nan mwa mas 2022 a, sa ki kadre avèk lefètke minisipalite a se minisipalite ki gen plis moun ladan nan senk minisipalite Vil la genyen yo (gade Imaj 12 la). Men, nan si konsène to, Brooklyn te gen dezyèm to ka antou ki pi ba, epi twazyèm to moun ki entène lopital ak moun ki mouri antou ki pi ba nan senk (5) minisipalite yo.⁸

To yo te varye anpil nan 37 zòn kòd postal nan 18 katye Brooklyn yo.⁹ To 17,199 ka antou pou chak 100,000 rezidan epi 171 moun ki mouri pou chak 100,000 rezidan nan Gowanus/Park Slope/Windsor Terrace (Kòd Postal 11215) te pi ba, epi yo te mwens pase mwayèn respektif la nan tout vil la. Gade Imaj 12 la. To 33,489 ka antou pou chak 100,000 rezidan epi 1,390 moun ki mouri pou chak 100,000 rezidan nan East New York (Kòd Postal 11239) te pi wo, epi yo te depase mwayèn respektif la nan tout vil la.


Menm si anpil faktè afekte nan ki to rezidan yo te vin enfekte ak nivo enpak COVID-19 la grav, sanble gen yon korelasyon jeneral ant katye ki gen revni mwayèn moun nan kay ki pi wo ak to povrete ki pi ba, ak to ka ak to moun ki mouri ki pi ba.

Anvan senkyèm vag pandemi an te enstale kò li pandan mwa desanm 2021 nan (anba presyon varyant Omicron viris COVID-19 la), nivo enpak pandemi an grav la bese piske to moun ki entène lopital ak to moun ki mouri diminye anpil nan tout minisipalite yo. Varyant yo te lakoz ka yo ak to rezilta pozitif yo ogmante rive nan nivo ki depase premye pik pandemi an nan sezon prentan 2020 an, menm si kantite moun ki entène lopital ak moun ki mouri yo pa t ogmante twò bridsoukou.

Pou Brooklyn, to mwayèn moun ki entène lopital chak mwa te bese soti nan 136 moun ki entène lopital pou chak 100,000 rezidan nan mwa janvyè 2021 rive nan 20 moun nan mwa novanm 2021, epi li te ogmante pou li rive nan 212 moun nan mwa janvyè 2022 (gade Imaj 13 la). To mòtalite a te desann soti nan 28 moun ki mouri pou chak 100,000 moun nan mwa janvyè 2021 rive nan kat (4) moun ki mouri pou chak 100,000 moun anvan novanm 2021, anvan li te ogmante pou li rive nan 44 moun ki mouri pou chak 100,000 moun nan mwa janvyè 2022. Pousantaj entène lopital ak mòtalite te bese a 26 pou chak 100,000 moun, ak 13 pou chak 100,000 moun, respektivman, nan mwa fevriye 2022.

IMAJ 13

To Mwayen Moun ki Entène Lopital akòz COVID-19 (pou chak 100,000 rezidan)



Sous yo: Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York, analiz OSC

To rezilta pozitif pandan sèt (7) jou yo te monte an flèch nan Brooklyn a 32.2 pousan epi nan Vil la (35.0 pousan), epi li te desann. Nan dat 26 mas 2022, to rezilta tès ki pozitif pandan 7 jou a te 2.5 pousan pou Brooklyn, se te menm bagay la pou tout Vil la.

Vaksen

Aprè yo te fin apwouve premye vaksen kont COVID-19 yo pou yo bay granmoun Ozetazini nan mwa desanm 2020. Yo te elaji kritè elijiblite a faz pa faz pandan pwochen ane a, yon fason pou disi novanm 2021, tout granmoun ak tout timoun ki gen 5 lane e plis yo te elijib. Kidonk, to vaksinasyon yo te ogmante anpil soti mwa me 2021, kote sèlman 52 pousan nan granmoun ki nan tout Vil la te vaksinen konplètman rive 29 mas 2022, kote 87 pousan granmoun te vaksinen konplètman (gade IMAJ 14 la).¹⁰

Menm jan pou to rezilta ki pozitif yo, to vaksinasyon an varye anpil nan tout Brooklyn, avèk pousantaj rezidan tout laj ki vaksinen konplètman ki varye soti nan 53 pousan nan Borough Park (kòd postal 11219) rive plis pase 100 pousan nan Sunset Park (kòd postal 11220), apati 29 mas 2022.¹¹

IMAJ 14

COVID-19 Vaksen selon Minisipalite

Minisipalite	Pousantaj ki Vaksinen Konplètman		
	Granmoun Me 2021	Granmoun mas 2022	Tout Laj mas 2022
Bronx	44%	85%	74%
Brooklyn	46%	82%	71%
Manhattan	61%	88%	82%
Queens	56%	94%	85%
Staten Island	50%	85%	74%
Vil New York	52%	87%	78%

Remak: Pousantaj chak popilasyon yo, apati 22 fevriye 2022.

Sous: Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York

Enpak Ekonomik Pandemi an

Nan mwa mas 2020, pandemi an te lakoz aktivite ekonomik gouvènman yo kanpe bridsoukou, apre sa aktivite yo te reprann tikal pa tikal. Nan dezyèm trimès 2020, Vil la te gen 812,500 djòb mwens sektè prive gras a nan trimès anvan an. (Gade Figi 15, pwochen paj la. Done yo pa ajiste selon sezon.) Nan Brooklyn, fèmte a te lakòz travay sektè prive a nan dezyèm sezon 2020 la diminye pa 145,000 djòb nan trimès anvan an. Nan minisipalite a, menm jan ak nan tout Vil la, biznis yo deziyen kòm biznis ki pa esansyèl ki te mande pou moun travay fas-a-fas te afekte plis, tandiske sektè esansyèl yo ak sila yo ki te kapab fè tranzisyon pou ale nan travay a distans yo te sibi pi piti bès travay.

Jan yo montre sa nan IMAJ 15 lan (paj ki annapre a), vitès moun te rekòmanse travay nan Brooklyn, yo mezire gras ak chanjman nan nivo travay pou premye trimès la, depase vitès pa Vil la. Nan fen dezyèm trimès 2020 an, nivo travay nan Brooklyn te pi ba pase trimès anvan an nan tout sektè sof nan sektè enfòmasyon an, sa ki reflekte enpak pandemi an. Nan twazyèm trimès 2021 la, travay te ogmante nan tout sektè yo sof aktivite finansyè yo ak sèvis edikatif yo.

Sektè enfòmasyon an, kote moun ka travay a distans epi ki fasilite travay a distans, te reprann travay pi rapid nan Brooklyn. Sektè sosyal la tou te retounen pi vit. Okontrè, rekiperasyon travay parèt pi dousman nan transpò ak depo, konstriksyon, ak sektè sèvis edikasyon.

IMAJ 15

Chanjman nan Travay nan Brooklyn selon Sektè nan Twazyèm Trimès, 2021

Sektè	Nivo Travay			Chanjman nan Travay,		Pousantaj Chanjman Soti nan Nivo Travay pou Premye Trimès 2020
	Premye Trimès 2020	Dezyèm Trimès 2020	Twazyèm Trimès 2021	Premye Trimès 2020 rive Dezyèm Trimès 2020	Dezyèm Trimès 2020 rive Twazyèm Trimès 2021	
Konstriksyon	33,765	22,587	29,601	-11,178	7,014	-12.3
Endistri	18,867	13,330	16,983	-5,538	3,653	-10.0
Komès An Gwo	22,715	17,712	20,381	-5,003	2,669	-10.3
Komès An Detay	76,411	56,136	72,147	-20,274	16,011	-5.6
Transpò ak Estokaj nan Depo	21,758	12,138	16,366	-9,621	4,228	-24.8
Enfòmasyon	13,068	11,981	12,835	-1,087	854	-1.8
Aktivite Finansyèl	35,050	32,132	31,365	-2,917	-768	-10.5
Pwofesyonèl ak Biznis	63,388	53,855	59,453	-9,533	5,599	-6.2
Sèvis Edikatif	33,862	29,098	27,865	-4,764	-1,233	-17.7
Swen sante	189,979	165,842	182,669	-24,137	16,827	-3.8
Asistans Sosyal	80,419	72,325	84,751	-8,094	12,426	5.4
Lwazi ak Otèlri	61,456	30,058	56,521	-31,398	26,463	-8.0
Lòt Sèvis yo	35,979	24,588	34,224	-11,391	9,636	-4.9
Total nan Brooklyn	686,716	541,781	645,161	-144,935	103,380	-6.1
Total nan Vil New York	3,901,015	3,088,549	3,512,863	-812,467	424,315	-10.0

Sous yo: Depatman Travay Eta New York; analiz OSC

An jeneral, biznis Brooklyn yo te montre yon modèl ki sanble ak travay nan minisipalite a. Ant premye ak dezyèm trimès 2020, kantite total konpayi sektè prive nan minisipalite a te diminye yon ti kras, apre sa te ogmante pa twazyèm trimès 2021 la, ki mezire yon mwatye pousan pi wo pase nan kòmansman pandemi an.


Tandans yo varye lè yo wè yo pa gwosè biznis. Pandan ke biznis Brooklyn ki gen 10 anplwaye oswa plis te bese pa 27.6 pousan ant premye ak dezyèm trimès 2020 la, kantite mikwobiznis (sa yo ki gen mwens pase 10 anplwaye) te ogmante pa 4.5 pousan. Malgre ke modèl la te ranvèse lè Vil la te re-louvri, te toujou 1.6 pousan plis mikwo biznis nan twazyèm trimès 2021 pase nan kòmansman pandemi an, ak 5.6 pousan mwens konpayi nan tout lòt gwosè ansanm. Mikwo biznis yo konpoze 84.7 pousan nan tout biznis Brooklyn yo nan lane 2019.

Chomaj

Pandan senk (5) ane anvan pandemi an soti ane 2015 rive ane 2019, to chomaj anyèl Brooklyn se te dezyèm to ki pi wo nan senk (5) minisipalite yo epi li te gen tandans pou li yon tijan pi wo pase to nan tout vil la. Apre li fin rive nan yon mwayèn 4 pousan nan twa (3) premye mwa ane 2020 an, chomaj nan Brooklyn te ogmante rapid (menm jan li te ogmante nan tout Vil la) pou li rive nan 21.2 pousan nan mwa me 2020 ofiyamezi pandemi an t ap simaye epi biznis fas-a-fas ki pa esansyèl te fèmen (gade Imaj 16 la). Depi lè a, to chomaj nan minisipalite a te bese tikal pa tikal (menm jan li te bese nan tout Vil la) pou li rive nan 6.3 pousan nan mwa mas 2022, nivo ki pi ba depi pandemi an kòmansse, epi li yon tijan pi wo pase to nan tout vil la.

IMAJ 16

To Chomaj selon Minisipalite, 2020 rive 2021



Sous yo: Depatman Travay Eta New York; analiz OSC

Fè Lanavèt pou al Travay

Segman Brooklyn nan sistèm transpò piblik Vil la se youn nan segman ki pi vas nan senk (5) minisipalite yo. Li gen plis pase 60 wout bis lokal, limite ak eksprès, plis 157 estasyon ak konplèks metwo. Nan lane 2019, Brooklyn te gen dezyèm pousantaj rezidan ki pi wo k ap itilize transpò piblik pou yo ale travay (61 pousan) nan senk (5) minisipalite yo (apre Bronx) epi ki pi wo pase pousantaj nan tout vil la (55 pousan).¹² Pousantaj rezidan Brooklyn ki mache pou yo ale travay (8.4 pousan) ane sa a te dezyèm pousantaj ki pi wo apre Manhattan.

Nan mwa avril 2020, [kantite pasaje metwo](#) nan Brooklyn te bese rive 10.9 pousan nan nivo mwa avril 2019 la, dezyèm pousantaj ki pi wo apre Bronx (17.9 pousan).¹³ Anvan desanm 2021, kantite pasaje nan minisipalite a an jeneral te toujou mwens pase mwatye nivo 2019 yo. Onivo katye a, kantite pasaje yo te reprann a mwatye oswa plis nan nivo ane 2019 nan Bensonhurst/ Bath Beach, Borough Park/ Kensington/Ocean Parkway, Brighton Beach/ Coney Island ak Sunset Park/Windsor Terrace anvan fevriye 2022. Katye sa yo te pami 10 katye nan Vil la ki te gen kantite pasaje ki pi wo nan mwa sa a, katye ki gen revni mwayen pou moun nan kay ki plizoumwèn ba yo.

Lè mwayen pou rezidan Brooklyn yo deplase al travay nan lane 2019 se te 43.8 minit, plis pase lè mwayen pou tout Vil la (41.7 minit). Pou 10 katye Brooklyn yo, lè mwayen pou moun deplase al travay te plis pase mwayèn nan minisipalite a, epi sektè swen sante ak asistans sosyal la te reprezante pi gwo pousantaj travay rezidan yo.

Lojman


Pandemi an te pote chanjman sou mache lojman peyi a. Nan Eta a, Vil la se te yon ekspesyon nan sa ki gen pou wè ak modèl migrasyon ki te enfluyans mache a. Sètadi, menm si migrasyon domestik pou ale nan Vil la oswa anndan Vil la te ogmante soti nan yon mwayèn 5.7 pousan nan popilasyon li pandan lane 2015 rive 2019 rive 6.7 pousan nan lane 2021, rès Eta a te sibi yon bèssoti nan yon mwayèn 7.3 pousan rive nan 6.2 pousan, selon analiz Ankèt sou Popilasyon Aktyèl Biwo Resansman Etazini.¹⁴ An pati, se moun ki ap deplase kite yon kay pou yo al rete nan yon nouvo kay pandan pandemi an ki te lakoz dezakò sa a.

Avèk pi gwo popilasyon pami minisipalite yo, Brooklyn genyen tou plis inite lojman ki rive apeprè 1 milyon nan lane 2019, plis pase 30 pousan nan tout vil la antou. Nan inite lojman sa yo, 70 pousan se te lwaye pa rapò ak detyè (2/3) nan tout vil la. Men, Bronx ak Manhattan, te menm genyen pousantaj inite lojman ki pi wo pase Brooklyn.

Selon Biwo Resansman Etazini, lwaye mwayen an nan Brooklyn te koute \$1,480 nan lane 2019, ki se menm ak tout vil la. Lwaye nan minisipalite a te konnen yon kwasans 37.5 pousan soti 2010 rive 2019. Se to ki pi rapid pami tout minisipalite yo (gade Iyaj 17 la). Anndan minisipalite a, lwaye mwayen yo te varye soti pami lwaye ki pi wo nan 55 minisipalite Vil la rive pami lwaye ki pi ba yo. Park Slope/Carroll Gardens/ Red Hook te gen yon lwaye mwayen ki se \$2,330 epi yo klase li katriyèm nan tout vil la, tandiske Brighton Beach/ Coney Island te gen yon lwaye mwayen ki pi ba nan Brooklyn (\$1,080) epi yo klase li 52^{yèm} nan tout vil la.

IMAJ 17

Chanjman Pousantaj nan Lwaye Mwayen 2010 rive 2019, Vil New York ak Minisipalite yo



Sous yo: Biwo Resansman Etazini, analiz OSC

Selon done endis lwaye ki soti nan Street Easy, lwaye mwayen nan to mache a nan Brooklyn te rive nan yon maksimòm \$2,729 nan mwa mas 2020, nan moman menm kote pandemi te kòmanse enstale kò li. Apati 1ye novanm 2021, lwaye mwayen nan to mache a te depase pik li anvan pandemi an.

Jounen jodi a, epi menm anvan pandemi an, zafè lojman abòdab la te yon gwo pwoblèm nan Brooklyn piske li te nan tout vil la (epi nan peyi a). Mwatye nan tout fanmi ki lokatè nan Brooklyn te gen fado lwaye sou do yo nan lane 2019. Fanmi sa yo te gen yon lwaye ki egal ak 30 pousan oswa plis nan revni yo (se limit kote yo konsidere depans pou lojman an kòm yon fado). Plis pase yon ka (26.2 pousan) te gen fado lwaye sou do yo. Se menm pousantaj la ak tout vil la. Fanmi sa yo te gen yon lwaye ki egal ak omwen mwatye nan revni yo.

Park Slope/Carroll Gardens/Red Hook te gen pousantaj fanmi ki ap pote swa yon fado lwaye (yon tyè (1/3)) swa yon gwo fado lwaye (13.6 pousan) ki pi ba tandiske Borough Park/Kensington/Ocean Parkway ak Brownsville/Ocean Hill (kote revni mwayen moun nan kay te pi ba) te gen pousantaj moun ki ap pote yon fado lwaye (apeprè detyè (2/3) fanmi nan chak katye) ak yon gwo fado lwaye (apeprè 40 pousan nan fanmi yo).

Te gen plis pase 290,000 inite lojman ki te gen lokatè nan Brooklyn nan lane 2019. Valè kay sa yo te ogmante anpil pandan dis (10) ane ki sot pase yo. Selon Biwo Resansman Etazini, valè mwayen kay la te ogmante rive 40 pousan depi 2010 (pi rapid pase nan nenpòt lòt minisipalite) pou li rive nan \$794,000 nan lane 2019, dezyèm sèlman apre Manhattan (\$1,128,000). Valè mwayen kay nan to mache anvan pandemi an nan Brooklyn se te \$700,640, epi apati 1ye novanm 2021, li te \$674,000, yon tijan pi ba pase valè li te genyen 1ye fevriye 2020.

Plis pase yon tyè (1/3) (36.6 pousan) pwopriyetè kay te gen yon fado depans pou lojman sou do yo nan lane 2019, tandiske yon senkyèm (1/5) (20.1 pousan) te gen yon gwo fado depans pou lojman sou do yo. Yo te pi wo pase pousantaj pwopriyetè kay nan Vil la an jeneral ki te gen fado depans pou lojman sou do yo (32.2 pousan) ak yon gwo fado depans pou lojman (16.5 pousan).

Èd pou Lojman pandan COVID-19

Pandemi an te bay yon gwo pwoblèm pou jwenn lojman ki abòdab, nan Brooklyn ak nan tout Vil la. Piske rezidan Vil yo te pèdi travay ak revni yo, yo pa te kapab peye lwaye ni kouvri depans pou lojman. Menm jan ak rès Vil la, gras ak tribinal lojman yo ki te fèmen pòt yo ant mwa avril ak jen 2020, epi gras ak yon sispansyon degèpisman nan Eta a, lokatè nan Brooklyn yo te rale yon souf nan zafè degèpisman an. Yo te pwolonje sispansyon an twa (3) fwa anvan li te fini nan dat 15 janvyè 2022.

Depi lè tribinal yo relouvri, kantite demann degèpisman an mwayèn nan Vil la chak mwa mwens pase 40 pousan nan nivo mwayen an pou 2016 jiska 2018.¹⁵ Lè sispansyon an fini, yo prevwa aksyon tribinal la nan tout Vil la, Brooklyn ladan tou, pral ogmante. Anfèt, apati 23 janvyè 2022, demann degèpisman pou zòn kòd postal Brooklyn 11206, 11212 ak 11224 (Williamsburg (Sid), Ocean Hill-Brownsville ak Brighton Beach/Coney Island/Seagate) te anba 90 pousan nan nivo istorik yo.¹⁶

Menm si yo te sispann fè degèpisman, aryere lwaye yo te ogmante piske lokatè yo te fè fas ak difikilite pandemi an te lakoz. Pou soulaje fado a pou lokatè ki gen ti revni yo, Eta a te mete sou pye Pwogram Èd pou Lwaye Annijans (Emergency Rental Assistance Program, ERAP) gouvènman federal la finanse pou ede peye mèt kay yo. Biwo Asistans Tanporè ak Asistans pou Andikap Eta New York di li te resevwa yon total 320,545 aplikasyon ERAP nan men rezidan Eta New York yo nan dat 23 mas 2022, epi yo te bay \$2.0 milya dola pou fè peman.¹⁷ Yo peye tout rezidan Eta yo antou \$1.7 milya dola. Nan montan sa a, \$1.4 milya dola te al jwenn Vil la, kote Brooklyn te resevwa \$421.7 milya, yon pousantaj ki yon tijan pi piti pase 33 pousan fanmi lokatè ki gen ti revni yo (oswa sila yo ki touche mwens pase 80 pousan nan revni mwayen zòn lan) nan Vil la.¹⁸

Èd Eta New York te bay pandan COVID pou pwopriyete yo jiska 2021 te sitou gen ladan yon kanpe sou sezi ipotèk epi resevwa peman aryere lokatè yo atravè pwogram ERAP la. Nan dat 3 janvyè 2022, Eta a te lanse yon Fon Asistans pou Pwopriyete (Homeowner Assistance Fund, HAF) gouvènman federal la apwouve pou ede aplikan ki gen ti revni rive revni modere yo avèk rive jiska \$50,000 dola. Depans ki akseptab yo gen ladan peman ipotèk, taks sou pwopriyete, bòdwo dlo ak dlo ize, frè antretyen inite koperativ ak apatman, ak frè byen imèb ak peman vèsman an detay pou kay yo frabrike yo.

Yo prevwa pou aplikasyon HAF yo depase finansman \$539 milyon dola ki disponib lan. Menm si opòtinite aplikasyon HAF la kanpe kounye a, yo toujou ap travay sou aplikasyon ki annatant yo. Apati 21 mas 2022, Vil New York te reprezante 44 pousan nan 30,785 aplikasyon yo trete pou Eta a.¹⁹ Aplikasyon pou retablisman ipotèk te reprezante 75 pousan antou, epi rès la se te pou aryere ki pa aryere ipotèk yo.

Ensekirite Alimantè

Selon estimasyon Hunger Free America, kantite moun ki te nan ensekirite alimantè nan Brooklyn pandan peryòd twa (3) lane 2018 rive 2020 an te pi wo nan senk (5) minisipalite yo, epi yo te egal ak yon

mwayèn 14.1 pousan rezidan minisipalite yo.²⁰ Se te menm bagay ak to ensekirite alimantè kay timoun nan minisipalite a, epi li te pi ba pase to ensekirite alimantè mwayen nan Vil la (19.0 pousan). Etandone li reflekte enpak pandemi an, to ensekirite alimantè nan minisipalite a te pi wo pase mwayèn 11.5 pousan pandan peryòd twa (3) lane 2015 rive 2017 la (lè to mwayen nan Vil la te 12.8 pousan).

Ogmantasyon demann nan rezèv manje yo te fè ou wè sekirite alimantè a ogmante. Kèk 27 pousan rezidan Brooklyn yo te konn ale nan rezèv manje nan lane 2020 pa rapò ak yon mwayèn 12 pousan pandan kat (4) lane anvan 2020.²¹ To sa yo te prèske menm pou tout Vil la. Kòm repons, anviwon yon mwatye nan rezèv manje Vil la te ogmante kantite lè yo fonksyone ant mas ak jen 2020, menm lè yo te oblije fèmen tyè (1/3) ladan yo (an pati paske anpil volontè te gen gwo risk pou yo trape enfeksyon COVID-19 la epi sa te fè yo pa t kapab oswa pa t vle travay).²²

Mezi yo pran pou fè fas kare ak ensekirite alimantè ki ogmante onivo lokal ak federal te konplete chanjman ki fèt nan rezo manje ijans lan.²³ Kèk semèn apre pandemi an eklate a, nan lane 2020, Vil la te mete sou pye yon plan pou li asire rezidan yo jwenn kantite manje ki sifizan pandan ijans lan. Nan mwa fevriye 2021, li te lanse yon plan ant ajans yo pou reponn ak bezwen rezidan yo nan zafè manje akoutèm, mwayen tèm ak alontèm.

Mezi rapid yo te pran pou bay èd manje (jiska 2022) te gen ladan kore rezèv manje yo, bay plat manje pou moun vin pran nan lekòl lokal yo ak fè livrezon manje bay moun aje yo lakay yo.²⁴ Mezi mwayen tèm (2023 rive 2024) ak mezi alontèm (2025 e plis) te gen ladan kanpay edikasyon, sipò pou travayè ki ap distribiye manje yo, ak amelyorasyon nan zafè acha, estokaj ak distribisyon manje.

Mezi Eta a ak mezi federal yo gen ladan sipò revni pou moun nan kay yo gras ak ekspansyon tanporè asirans chomaj ak SNAP, epi gras ak sibvansyon yo bay sitwayen yo pandan pik pandemi an.²⁵

Edikasyon ak Entènèt Gwo Vitès

Edikasyon

Pandemi COVID-19 la agrave tandans alontèm yo nan diminye enskripsyon nan lekòl yo nan Vil la (gade [rapò OSDC a](#) sou Depatman Edikasyon Vil New York).²⁶ Pandan senk (5) ane ki sot pase yo, Brooklyn te reprezante apèn plis pase 30 pousan enskripsyon nan klas Pre-K rive nan klas 12yèm ane nan Vil la antou.

Nan Brooklyn, Depatman Edikasyon Vil New York te sèvi plis pase 330,000 elèv pandan ane lekòl 2020-2021 an, yon bès 3.3 pousan pa rapò ak ane anvan an selon done ofisyèl nan Vil la. Pifò nan bès sa a te konsantre nan nivo klas ki pi piti yo, kote enskripsyon nan klas Pre-K ak 3-K te bese rive nan plis pase 15 pousan epi enskripsyon nan lekòl primè te bese rive nan apeprè 4.4 pousan pandan ane sa a, sa ki te reflekte tandans yo nan tout vil la.

Nan 580 lekòl ki nan minisipalite a, 93 se lekòl charter, ki yo menm te konnen yon kwasans 4.7 pousan nan zafè enskripsyon malgre pandemi an. Kwasans sa a te swiv tandans istorik yo onivo Vil la tou.

Pandemi an te boulvèse ansyen metòd pou swiv ak mezire pwogrè elèv yo (tankou tèst estandadize) epi li te bese to prezans elèv yo, menm si lekòl yo nan Vil la te rekòmanse avèk ansèyman fas-a-fas pou tout elèv nan kòmansman ane lekòl 2021-2022 a. Avèk elèv yo ki retounen nan salklas a plen tan, prezans chak jou nan salklas nan Brooklyn te an mwayèn sèlman 85.5 pousan pandan sezon otòn 2021 an, pi ba pase mwayèn 91.6 pousan li te anrejistre pandan sis (6) ane anvan pandemi an (se menm bagay pou tout vil la).

Aksè Entènèt Gwo Vitès


Pandemi COVID-19 la te fè moun wè fòskote ki genyen nan zafè [aksè entènèt gwo vitès](#) la piske fanmi yo te lage nan travay depi lakay yo epi nan aprantisaj a distans.²⁷ Byenke Brooklyn te gen dezyèm pousantaj ki pi ba nan koze fanmi ki pa gen abònman entènèt gwo vitès pami senk (5) minisipalite yo nan lane 2019 (27.3 pousan), te genyen gwo fòskote anndan minisipalite a (gade

Imaj 18 lan).²⁸ Katye kote gen revni mwayen moun nan kay ki pi ba yo te gen tandans gen yon pi gwo pousantaj fanmi ki pa gen aksè entènèt gwo vitès.

Yo te site katye Borough Park/

IMAJ 18

Pousantaj Fanmi Katye Brooklyn Neighborhood ki Pa Gen Entènèt Gwo Vitès, 2019



Sous yo: Biwo Resansman Etazini, analiz OSC

Kensington/Ocean Parkway ak Brownsville/Ocean Hill, ki te gen pi gwo pousantaj fanmi ki pa gen okenn koneksyon, pami 11 zòn ki te kapab benefisye nan jefò Vil la t ap fè pou li amelyore aksè entènèt gwo vitès la nan kominote kote moun gen ti revni yo, tankou regle yon pwosè li te tanmen depi plizyè ane kont yon founisè sèvis entènèt (internet service provider, ISP). Nan lòt katye ki nan Brooklyn yo te genyen Crown Heights North/Prospect Heights ak Bushwick.

Jefò pou ranfòse kapasite fanmi ki gen ti revni yo pou yo jwenn sèvis entènèt gwo vitès te gen ladan tou adopsyon yon pwogram federal Avantaj Gwo Vitès Annijans (Emergency Broadband Benefit, EBB) ki peye jiska \$50 dola pa mwa pou koneksyon entènèt. Apati 23 novanm 2021, rezidan Brooklyn yo te reprezante pousantaj abònman EBB (28.6 pousan) ki pi wo nan toule senk minisipalite yo. Vil la te reprezante apèn plis pase mwatye nan tout abònman EBB Eta New York yo.

Krim

Gwo krim nan Brooklyn (sètadi, asasinay, kadejak, vòl, atak kriminèl, kase kay, gwo vòl, ak gwo vòl machin) te bese rive 42 pousan ant ane 2000 ak 2010, sa ki menm ak to nan tout vil la. Pandan dis (10) ane ki vini annapre yo, bès nan gwo krim yo te ralanti men li te kontinye desann rive nan 16 pousan nan Brooklyn, pa rapò ak yon bès 9 pousan nan tout vil la.

To krim vyolan ak krim kont pwopriyete nan Brooklyn nan lane 2019, dènye ane kote yo te pibliye done demografik ki konparab, se te 419 krim ak 653 krim yo chak, pou chak 100,000 rezidan. To krim nan Brooklyn te pi ba pase alafwa to krim vyolan ak to krim kont pwopriyete nan tout vil la (434 krim ak 713 krim, yo chak).

Nan tout vil la, gwo krim pandan ane 2021 an te ogmante rive 7 pousan apati ane 2020, plis pase ti ogmantasyon an nan Brooklyn (1 pousan). Se ogmantasyon ensidan gwo vòl yo (10 pousan), agresyon kriminèl (7 pousan), ak gwo vòl machin (1 pousan) ki te konpanse yon bès nan pifò gwo krim yo nan Brooklyn. Fiziyad nan Brooklyn, ki reprezante yon tyè (1/3) nan tout vil la antou, bese rive 20 pousan, pa rapò ak yon ti ogmantasyon nan tout vil la ki fè total nan tout vil la rive nan nivo li ki pi wo depi 2006 (1,562 fiziyad).

Krim nan metwo nan Brooklyn nan 2021 te bese rive 9 pousan pa rapò ak 2020, kontrèman ak ti kwasans nan tout vil la (1 pousan). Krim anndan lojman piblik yo nan Brooklyn te ogmante rive 10 pousan, sa ki depase kwasans 7 pousan nan krim nan lojman yo nan vil la. Kantite krim rayisman yo nan Brooklyn te ogmante rive 44 pousan pou yo rive 134. Se te sitou ensidan kont jwif yo (58). Nan tout vil la, krim rayisman yo te ogmante rive 97 pousan.

Pwogram Èd pandan Pandemi

Menm jan avèk lòt zòn nan Vil la, rezidan Brooklyn yo te konte sou pwogram federal, pwogram Eta ak pwogram lokal yo pou yo jwenn èd pandan pandemi an rive jouk ane 2020 ak 2021. Biznis nan Brooklyn yo te benefisye yon senkyèm (1/5) nan tout prè federal Pwogram Pwoteksyon Salè yo (Paycheck Protection Program, PPP) ak mwens pase yon tyè (1/3) nan Prè pou Katastwòf Ekonomik (Economic Injury Disaster Loans, EIDL) ak avans pou Vil New York (gade Imaj 19 la).²⁹ Minisipalite a te pran tou gwo pousantaj nan Fon pou Relanse Restoran (Restaurant Revitalization Fund, RRF) Vil la ak kòb Sibvansyon pou Responsab Sal Espektak ki Fèmen (Shuttered Venue Operators Grant, SVOG).

IMAJ 19

Resous Èd Federal pandan COVID-19 Ti Biznis nan Brooklyn yo Jwenn

Pwogram	Prè pou Zòn oswa Kòb Sibvansyon (an milyon)	Sibvansyon an Pousantaj oswa Prè yo Anile*	Pousantaj Prè pou Vil ak Kòb Sibvansyon
Apati janvyè 2022			
Pwogram Pwoteksyon Salè	\$6,117	71.8	19.9
Fon pou Relanse Restoran	\$382	100.0	13.8
Sibvansyon pou Responsab Sal Espektak ki Fèmen	\$193	100.0	11.7
Apati desanm 2020			
Prè pou Katastwòf Ekonomik	\$3,218	0.0	32.4
Avans Prè pou Katastwòf Ekonomik (Sibvansyon)	\$218	100.0	29.9

*Chif nan kolòn sa a endike pati nan fon yo ki swa anile (prè) swa ki pa bezwen ranbousman (sibvansyon). Yo pa fè anilasyon pou EIDL yo, ki gen plizyè peryòd ranbousman ki rive jiska 30 lane avèk to enterè ki pa depase 3.2 pousan.

Sous yo: Administrasyon Ti Biznis Etazini; analiz OSC

Pwogram Pwoteksyon Salè

PPP a se te sèl pi gwo pwogram èd COVID-19 pou ti biznis yo onivo federal, kote yo te fè vèsman prè nan lane 2020 ak 2021.³⁰ Biznis ki gen prè 2020 yo te pèmèt yo prete ankò nan 2021. Biznis nan Brooklyn yo te benefisye dezyèm pi gwo kantite prè PPP ak kòb prè pami senk (5) minisipalite yo pandan toude ane yo.

Twa (3) katye (Greenpoint/Williamsburg, Brooklyn Heights/Fort Greene and Borough Park/Kensington/Ocean Parkway) te pran apèn yon ka (1/4) nan tout prè yo ak yon tyè nan kòb prè total yo apwouve pou minisipalite a.

Moun ki mande prete nan sektè swen sante, sèvis pou biznis ak konstriksyon, ansanm avèk sila yo ki nan sektè lwazi ak otèlri, te pran mwatye nan tout kòb prè PPP yo apwouve pou minisipalite a nan lane 2021, epi pandan toude ane pwogram lan. Nan lane 2020, moun ki mande prete nan twa (3) sektè sa yo, ansanm avèk sila yo ki nan komès an detay yo, te pran 51.1 pousan nan kòb prè PPP yo.

Menm jan avèk Bronx ak Queens, te gen yon pi gwo pousantaj nan prè yo pran an premye yo ak kòb prè yo apwouve pou Vil la nan lane 2021 ki te al jwenn biznis Brooklyn yo pase nan lane 2020, pandanke pousantaj Manhattan yo te bese. Pou yo refleto reyisit mezi yo pran pou ranfòse aksè biznis ki pi piti yo nan resous PPP yo, pousantaj prè minisipalite antrepriz ki gen mwens pase 20 anplwaye yo pran an ogmante soti nan 91 pousan nan lane 2020 rive nan 97 pousan.

Prè pou Katastwòf Ekonomik ak Avans yo

Menm si done pou EIDL COVID-19 2021 yo onivo konte a oswa anba pa disponib pou piblik la, yon [rapò sentèz](#) montre Eta New York te benefisye yon total EIDL pou \$32.3 milya dola, avans EIDL pou \$652.3 milyon dola ak avans EIDL sible siplemantè pou \$285.1 milyon dola nan dat 24 mas 2022.³¹ Done detaye yo pibliye pou ane 2020 an montre Brooklyn te benefisye pi gwo pousantaj finansman EIDL (pami senk (5) minisipalite yo) ki al jwenn Eta a, a 18.3 pousan nan EIDL yo ak 16.3 pousan nan avans EIDL yo.

Fon pou Relanse Restoran

Done yo pibliye sou RRF la montre yo te apwouve yon total 1,333 sibvansyon ki egal ak \$382 milyon dola pou restoran ki nan zòn Brooklyn yo anvan 30 jen 2021. Sa te reprezante 24.3 pousan ak 13.8 pousan, chak, nan sibvansyon RRF total ak kòb sibvansyon yo apwouve pou Vil la.

Nan Brooklyn, yo te bay biznis ki pou fanm yo, ansanm avèk biznis ki swa nan zòn kote moun gen ti revni ak revni modere yo (low- and moderate-income, LMI) swa nan zòn ki gen biznis yo pa toujou itilize nèt yo (historically underutilized business, HUB) pi gwo pousantaj nan kòb sibvansyon RRF la pase tout vil la (gade Imaj 20 an).³²

IMAJ 20

Pousantaj Kòb Sibvansyon RRF pou Brooklyn ak Vil New York selon Endikatè Ekite

Endikatè	Brooklyn	Vil New York
Ti Revni ak Revni Mwayen	38.1	15.3
HUBZone	45.0	22.4
Zòn ki Defavorize sou Plan Sosyo-ekonomik	33.5	36.8
Biznis ki Pou Fanm	33.4	27.5

Sous yo: Administrasyon Ti Biznis Etazini; Analiz OSC

Sibvansyon pou Responsab Sal Espektak ki Fèmen

Apati 28 mas 2022, biznis nan Brooklyn yo te pran 11.7 pousan nan kòb sibvansyon SVOG yo apwouve pou Vil la, dezyèm apre Manhattan (avèk 84.4 pousan). Menm jan avèk rès Vil la, yo te apwouve pifò sibvansyon pou sal espektak yo nan minisipalite a nan mwa jiyè 2021, plis pase yon (1) lane apre premye kanpe aktivite gouvènman yo.

Òganizasyon ki nan Brooklyn Heights/Fort Greene, Bushwick, Greenpoint/Williamsburg, ak Park Slope/Carroll Gardens/Red Hook, te pran apèn mwens pase twa ka (3/4) nan sibvansyon ki al jwenn minisipalite a. Responsab òganizasyon espektak an dirèk yo ak sal espektak an dirèk yo oswa pwomotè yo te benefisye 70 pousan nan sibvansyon SVOG ki al jwenn minisipalite a, pa rapò ak 46 pousan nan tout Vil la.

Louvri Lari: Restoran

Nan mwa jen 2020, Vil la te elaji pwogram Louvri Lari li an pou pèmèt sèvis restorasyon sou twotwa, pakin ak wout yo deziyen. Apati 28 mas 2022, restoran Brooklyn yo te reprezante prèske yon ka (1/4) nan pwogram Louvri Lari a: Pèmi restoran yo bay nan toule senk (5) minisipalite yo. Twa (3) katye (Greenpoint/ Williamsburg, Brooklyn Heights/Fort Greene ak Park Slope/Carroll Gardens/Red Hook) te pran apèn mwens pase mwatye nan tout pèmi Brooklyn yo.

Sant Ekonomik ak Distri Inovasyon

Malgre ralantisman pandemi COVID-19 la te lakoz, te gen devlopman enpòtan ki te fèt nan anpil sant ekonomik nan Brooklyn, sa ki sijere minisipalite a pare pou li reprann tandans kwasans li te genyen anvan pandemi an ant ane 2010 ak 2019.

Dèyè Triyang Teknoloji Brooklyn lan

Triyang Teknoloji Brooklyn lan se youn nan plizyè distri inovasyon ki chita kò li nan minisipalite a.³³ Li gen ladan zòn Downtown Brooklyn, DUMBO (Down Under the Manhattan Bridge Overpass) ak Brooklyn Navy Yard epi li gen fwontyè nan Sidès avèk Barclays Center. Yo te elabore plan estratejik pou devlope Triyang lan pou li vin yon sant inovasyon teknolojik nan lane 2013 epi yo te respekte li pandan plizyè ane apre.

Ansanm avèk zòn lan, tout minisipalite a te vin yon nannan pou teknoloji ak inovasyon, avèk antrepriz tankou Etsy, Kickstarter ak Livestream ki gen syèj sosyal yo ladan li. Yon analiz sou 36 jèn antrepriz teknoloji ak konpayi teknoloji ki baze nan Brooklyn, yo mete ajou nan mwa janvye 2022, montre gen 17 ki chita kò yo nan DUMBO epi gen twa (3) ki chita kò yo nan Downtown Brooklyn oswa Brooklyn Navy Yard, epi rès 16 yo chita kò yo nan tout minisipalite a. Kote sa yo vle di jefò yo te fè pou kreye katye inovasyon nan Brooklyn te bay rezilta.³⁴

Zòn Greater Downtown Brooklyn

Nan mwa janvye 2020, yon vag devlopman ki gen ladan yon kantite bilding izay miks ak bilding rezidansyèl te deja kòmanse nan Downtown Brooklyn. Plizyè antrepriz entènasyonal t ap etabli presans Etazini nan minisipalite a, epi yo t ap planifye plizyè pwojè atizay ak espektak piblik. Menm jan avèk rès Vil la, enfrastrikti kiltirèl ak enfrastrikti espektak yo te fèmen pandan pifò peryòd kanpe aktivite gouvènman an, epi moun ki t ap travay nan biwo yo pa t retounen nan biwo yo nan menm vitès tankou anvan pandemi an.³⁵

Brooklyn Navy Yard

Nan Brooklyn Navy Yard, yon katye inovasyon ki chita kò li nan katye Brooklyn Heights/Fort Greene (li nan Downtown Brooklyn ak DUMBO tou), konpayi wobotik ak enpresyon 3D, Nanotronics Imaging te transfòme yon ansyen bilding pou fè li vin yon izin 'entèlijan' 45,000 pye (ki pran yon santèn travayè) nan lane 2021. Pwojè a te resevwa finansman nan men Vil la (\$3.25 milyon dola) ak Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council, REDC) (\$2.25 milyon dola).

Pandan pik pandemi an nan lane 2020, Brooklyn Navy Yard Development Corporation te kowòdone yon aktivite pou re-oryante lokatè yo nan pwodiksyon ekipman pwoteksyon pèsònèl (personal protective equipment, PPE) medikal. Se finansman \$31.6 milyon dola REDC bay ki te fasilite repons sa a fas ak mank global PPE yo. REDC di jefò a te fè 24 antrepriz Navy Yard pwodwi plis pase 25 pousan nan tout PPE yo fè onivo lokal yo (mask pou figi, ekran pou figi, chemiz lopital, dezenfektan pou men, separasyon pwoteksyon ak vav respiratè atifisyèl ki enprime an 3D) yo itilize nan tout Vil la pou konbat pandemi an.³⁶

Brooklyn Army Terminal, Bush Terminal ak Industry City

Biznis ki chita kò yo nan lòt katye inovasyon, tankou Brooklyn Army Terminal ak Bush Terminal, te ogmante pwodiksyon materyèl pou

repons fas ak COVID-19 la tou (tankou pyès pou respiratè atifisyèl). Lòt devlopman yo te gen ladan kreyasyon yon laboratwa syans lavi, BioBAT (yo prevwa li ap koute \$5.1 milyon dola), ak apwobasyon finansman REDC ki pi resan pou agrandisman nan kote sa a.

Amelyorasyon MTA

Depi 2020, Otorite Transpò Metwopoliten yo te pran angajman pou fè amelyorasyon aksesibilite nan twa (3) estasyon metwo ak yon estasyon Long Island Rail Road (LIRR) (gade Imaj 21 an). Twa (3) estasyon metwo yo nan yon lis 21 estasyon nan Brooklyn yo prevwa travay pou yo nan pwogram kapital MTA 2020-2024 la. Kantite pasaje an mwayèn pou estasyon sa yo nan lane 2019 te plis pase 18,600 chak semèn epi plis pase 23,100 chak wikenn.

Imaj 21

Pwojè Amelyorasyon Aksesibilite Estasyon MTA ak LIRR yo Fini

Estasyon	Liy	Dat li Fini	Ajans
Midwood/Ave H	Q	11/2021	MTA
59 th Street	N,R	11/2020	MTA
Brooklyn Museum (Mize Brooklyn)	2,3	12/2020	MTA
Nostrand Ave/Atlantic Ave	LIRR	10/2021	LIRR

Sous yo: Nòt de Près Otorite Transpò Metwopoliten yo

Epitou, MTA ap fè enstalasyon sistèm ki rezistan ak pwoteksyon kont inondasyon tanpèt lakoz nan Konplèks Coney Island Yard.³⁷ Travay yo te fè nan kad pwojè sa a apati mwa oktòb 2021 te gen ladan enstalasyon kab kominikasyon ak fil kouran ak ekipman ki an rapò ak yo, ak konstriksyon prèske mwatye nan mi inondasyon periferik la. Yo te chanje dat septanm 2022 yo te prevwa pou pwojè a fini an pou desanm 2022, epi yo te ogmante bidjè a soti \$514 milyon dola rive \$520 milyon dola.³⁸

Panse pou Demen

Brooklyn se pi gwo minisipalite ki gen kwasans ki pi rapid nan Vil New York. Li gen yon popilasyon ki divès epi ki save. Tandans sa yo te etabli baz pou gen amelyorasyon nan endikatè sosyo-ekonomik nan tout minisipalite a pandan dis (10)

lane anvan pandemi an. Men, toujou genyen gwo fòskote nan zafè revni, sante ak aksesibilite ant katye kote moun gen ti revni, revni modere ak gwo revni nan minisipalite a yo pral bezwen rezoud si yon repriz aktivite yo pral leve fanmi yo nan tout minisipalite a.

Malgre difikilte sa yo, Brooklyn te konnen yon kwasans ki pi rapid nan zafè travay pandan dis (10) ane anvan pandemi an pase nenpòt lòt minisipalite. Se sektè lwazi ak otèlri a ki te fè sa. Etandone minisipalite a te konte sou sektè a anvan pandemi an pou travay, jounen jodi a li an reta nan zafè reprann travay onivo nasyonal. Men, nan ane ki te vini apre sezon prentan 2020 an, Brooklyn te genyen yon pi gwo pousantaj travay ankò pase tout vil la. Se sektè lwazi ak otèlri a ansanm avèk sektè konstriksyon ak transpò ak estokaj nan depo ki te lakoz. Ofiyamezi dènye varyant Omicron viris COVID-19 la ap fè bak, kwasans travay nan sektè sa yo ak lòt sektè yo ap amelyore.

Brooklyn te sibi mwens deranjman nan endikatè kalite lavi tankou krim ak edikasyon pandan èd federal la t ap vanse pou li ale jwenn yon pi gwo pousantaj biznis ki nan kominote ki gen ti revni pase nan tou vil la, sa ki te bay yon bon baz pou relanse travay nan ti biznis ki nan minisipalite a.

Poutan, yon repriz travay ka pran yon ti tan, sa ki vle di li ka pi difisil pou kèk fanmi reponn ak bezwen debaz tankou manje akabri, sitou nan zòn kote te gen fòskote anvan pandemi an. Byenke Vil la te aplike kèk mezi imedya pou li asire moun yo ak fanmi yo pa soufri grangou epi yo pa gen pwoblèmabri, li posib pou li oblije kontinye fè jefò sa yo pandan kèk tan.

Pandan Brooklyn ap reprann aktivite yo, li pral kontinye atire nouvo antrepriz, djòb ak moun. Li ap enpòtan pou otorite Vil ak otorite Eta yo kolabore avèk mèt biznis yo ak lidè kominotè yo pou yo kontinye kenbe yon klima biznis ki akeyan epi byen distribiye resous gouvènman yo bay biznis ki nan zòn yo, moun ak fanmi ki toujou bezwen resous sa yo, pou li garanti yon repriz aktivite egalego nan minisipalite a.

Referans

- ¹ Kantite sa a ekskli enstitisyon pou etid rabinik ak Lopital SUNY Downstate epi li enkli enstitisyon akredite ki ofri yon diplòm asosye oswa pi wo.
- ² Analiz tandans onivo katye ak moun nan kay yo baze sou done Ankèt Kominotè Ameriken (American Community Survey, ACS) Biwo Resansman Etazini. Piske pandemi an te afekte egzèsis ankèt ACS pou 2020 an, Biwo a teibliye rezilta done eksperimental yo sèlman pou ane sa a. Kidonk, pifò nan analiz tandans onivo moun nan kay ak katye yo nan rapò sa a kouvri peryòd ki fini avèk ane 2019 la.
- ³ Gade chita pale Biwo Resansman Etazini an nan lye sa a <https://www.census.gov/library/stories/2021/08/improved-race-ethnicity-measures-reveal-united-states-population-much-more-multiracial.html>
- ⁴ Biwo Resansman Etazini defini 55 katye nan tout vil la (avèk 18 nan Brooklyn) ki rele Zòn Mikwodone pou Itilizasyon Piblik (Public Use Microdata Area, PUMA), ki gen fwontye li ki sanble ak distri kominotè Vil New York yo nan tout ka yo sof kat (4) (de (2) nan Bronx; de (2) nan Manhattan), kote PUMA yo anglobe de (2) distri kominotè yo chak. Nan dokiman sa a, referans nou fè ak katye yo ap gen pou wè ak youn oswa plizyè nan 55 zòn sa yo Resansman an defini.
- ⁵ Nan rezidan ki ap travay yo genyen anplwaye ki travay a tan plen ak anplwaye ki travay a tan pasyèl ansanm avèk kontraktè endividyèl, pwopriyetè inik ak moun ki ap travay ak tèt yo. Biznis yo a kapab anndan oswa an deyò minisipalite a.
- ⁶ Pou konsèp sektè esansyèl, fas-a-fas ak a distans yo, rapò sa a chita sou de (2) rapò James A. Parrot ak Linda Moe ki nan Sant pou Afè nan Vil New York (Center for New York City Affairs) fè: Nouvo Souch Fòskote a: Enpak Ekonomik Covid-19 la nan Vil New York, 15 avril 2020; ak Ekonomi Vil New York pandan Covid-19 la, Twa (3) Mwa Nan: Repriz Aktivite ak yon Resesyon Ouvriye ki Touche Ti Salè yo K ap Kontinye, jen 2020.
- ⁷ Tout done ki gen pou wè sante sot nan Depatman Sante ak l'yèn Mantal Vil New York, sof si yo presize yon lòt sous.
- ⁸ Ka yo gen ladan alafwa ka ki konfime yo ak ka ki posib yo. To antou yo baze sou total yo depi lè pandemi an kòmanse a, pou chak 100,000 moun.
- ⁹ Depatman Sante ak l'yèn Mantal Vil New York paibliye to moun ki entèn lopital antou onivo katye yo nan kad pòtay done COVID-19 li an, menm si li publiye to masyèl yo.
- ¹⁰ Selon Depatman Sante ak l'yèn Mantal Vil New York (New York City Department of Health and Mental Hygiene, NYC DOHMH), yo konsidere yon moun kòm yon moun ki vaksinen konplètman si li te pran de (2) dòz nan “premye seri vaksen” Pfizer, Moderna oswa AstraZeneca oswa yon dòz nan “premye seri vaksen” Johnson & Johnson/Janssen yo.
- ¹¹ Selon sa NYC DOHMH konstate, to vaksinasyon yo ka depase 100 pousan popilasyon yo estime a, sitou pou ti lokalite yo, pou rezon tankou itilizasyon estimasyon popilasyon 2019 la pou fè kalkil yo ak itilizasyon adrès ki pa adrès kay kèk moun. Li di to sa yo se 99 pousan.
- ¹² Biwo Resansman Etazini, Ankèt Kominotè Ameriken, estimasyon 1 lane.
- ¹³ Se kantite total antre nan tounikè yo ki mezire nivo trafik pou chak mwa kòm yon pousantaj antre total pou mwa 2019 ki koresponn lan anvan pandemi an. Gade lye <https://www.osc.state.ny.us/reports/osdc/impact-covid-19-pandemic-subway-ridership-new-york-city> pou ou jwenn plis detay.
- ¹⁴ Sarah Flood, Miriam King, Renae Rodgers, Steven Ruggles ak J. Robert Warren. (2021). Seri Entegre Mikwodone pou Piblik Itilize (Integrated Public Use Microdata Series, IPUMS), Ankèt sou Popilasyon Aktyèl: Vèsyon 9.0 [dataset]. Minneapolis, MN. <https://doi.org/10.18128/D030.V7.0>
- ¹⁵ Princeton University. Laboratwa Degèpisman <https://evictionlab.org/eviction-tracking/new-york-ny/>, dat telechajman an se 28 fevriye 2022.
- ¹⁶ Gade referans 15 lan.

Se Biwo Kontwolè Adjwen Eta a pou Vil New York ki prepare li

Holly Clarke, Analis Finansyèl Minisipal Prensipal
Diane Diamond, Analis Finansyèl Minisipal Prensipal
Patricia Mendoza, Analis Finansyèl Minisipal Senyò
Wesley Kirby, Analis Finansyèl Minisipal Asosye
Mike Aguilar, Analis Finansyèl Minisipal Senyò
Jasmina Buresch, Analis Rechèch
Leonard Liberto, Analis Finansyèl Minisipal Anchèf
Anita Yadavalli, Direktris Biwo Analiz Fiskal ak Ekonomiz epi Ekonomis Senyò



Renmen nou sou Facebook nan
[Facebook.com/nyscomptroller](https://www.facebook.com/nyscomptroller)
Swiv nou sou Twitter [@nyscomptroller](https://twitter.com/nyscomptroller)
Swiv nou sou Instagram [@nys.comptroller](https://www.instagram.com/nys.comptroller)

Office of the New York State Comptroller (Biwo Kontwolè Eta New York)
110 State Street, Albany, NY 12236
(518) 474-4044 www.osc.state.ny.us

-
- ¹⁷ Biwo Asistans Tanporè ak Asistans pou Andikap, “*Aplikasyon pou Èd pou Lwaye Annijans yo Soumèt Jiska 8 fevriye 2022*,” <https://otda.ny.gov/programs/emergency-rental-assistance/monthly-reports/ERAP-County-Zip-Application-Counts-22-02-08.pdf>
- ¹⁸ Biwo Resansman Etazini, Ankèt sou Lojman ak Kay Vid nan Vil New York, 2017.
- ¹⁹ Fon Asistans Eta New York pou Pwopriyetè, <https://www.nyhomeownerfund.org/reports>, dat telechajman an se 25 fevriye 2022.
- ²⁰ Gade *Rapò Atlas Lafen ak Rapò Ankèt Anyèl Eta New York ak Vil New York*, HungerFree America, 2021.
- ²¹ Yo fè kalkil la apati repons yo jwenn nan ankèt anyèl Poverty Tracker, gade *Mete Aksan sou Pwoblèm Manje nan Vil New York: Leson nou aprann pandan pandemi an ak sa ki pral pase annapre*, Fondasyon Robin Hood, novanm 2021, https://www.robinhood.org/wp-content/themes/robinhood/images/poverty-tracker/pdfs/POVERTY_TRACKER_REPORT29.pdf.
- ²² Bank Manje pou Vil New York, *Nou P Ap Sèlman Konbat COVID-19: Nou ap Demaske Eta Grangou nan Vil New York Pandan Pandemi an*.
- ²³ *Mete Aksan sou Pwoblèm Manje nan Vil New York: Leson nou aprann pandan pandemi an ak sa ki pral pase annapre*, Fondasyon Robin Hood, novanm 2021, 6-7.
- ²⁴ Vil New York, *Bay New York Manje: Plan pou Nou Nouri Vil Nou An Pandan Kriz Sante Piblik COVID-19 la*, avril 2021.
- ²⁵ Gade rapò yo site nan referans 23 la.
- ²⁶ OSC, *Repons Depatman Edikasyon Vil New York fas ak Pandemi COVID-19 la*, Rapò 8-2022, septanm 2021, nan <https://www.osc.state.ny.us/files/reports/osdc/pdf/report-8-2022.pdf>
- ²⁷ OSC, *Disponiblite, Aksè ak Pri Abòdab: Konprann Pwoblèm Gwo Vitès nan Eta New York*, OSC, septanm 2021, <https://www.osc.state.ny.us/files/reports/pdf/broadband-availability.pdf>.
- ²⁸ Ankèt Kominotè Ameriken Biwo Resansman Etazini, estimasyon 1 lane.
- ²⁹ Yo pran done sou prè ak sibvansyon federal yo nan seksyon sa a nan rapò a nan ansanm done ak rapò Administrasyon Ti Biznis Etazini.
- ³⁰ Pou ou jwenn detay sou vèsman prè 2020 an, ak chanjman lwa ak politik yo fè nan pwogram lan, gade OSC, *Pwogram Pwoteksyon Salè nan Vil New York: Kisa k ap Fèt Apresa?*, Rapò 10-2021, fevriye 2021, <https://www.osc.state.ny.us/files/reports/osdc/pdf/report-10-2021.pdf>.
- ³¹ Administrasyon Ti Biznis Etazini, *Mizajou sou Asistans Sizoka Gen Katastwòf, EIDL COVID nan tout Peyi a. EIDL Sible ak Avans Sible Siplemanè*, 20 janvyè 2022.
- ³² Pou ou jwenn plis enfòmasyon sou distribisyon resous federal yo nan kominote kote moun ki gen ti revni ak revni modere yo ak zòn ki gen biznis yo pa toujou itilize nèt yo, al gade *Sektè Restoran, Lavant an Detay ak Lwazi a Toujou Gen Difikilte pou Reprann Aktivite*, OSC, Rapò 17-2022, janvyè 2022, <https://www.osc.state.ny.us/files/reports/osdc/pdf/report-17-2022.pdf>.
- ³³ Sharon Zukin dekri katye inovasyon yo kòm ‘katye pwodiksyon ki konpak fizikman ki konpoze ak laboratwa rechèch, enkibatè biznis pou jèn antrepriz teknoloji yo, espas pou travay ansanm, biwo teknoloji “kreyatif” ak biwo teknoloji pou antrepriz, ak espas fabrikasyon pou kreyasyon ak itilizasyon materyèl enfòmatis. *Wè tankou yon vil: fason teknoloji a te rantrè nan vil la*. Out 2020.
- ³⁴ Gade lis la ak deskripsyon antrepriz yo nan lyen sa a <https://www.builtinnyc.com/2017/03/17/brooklyn-startups-tech-companies-roundup>
- ³⁵ OSC, *Sektè Biwo a nan Vil New York*, Rapò 11-2022, oktòb 2021, nan <https://www.osc.state.ny.us/files/reports/osdc/pdf/report-11-2022.pdf>
- ³⁶ Eta Rejyon an: Rapò Anyèl 2021 Vil New York Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Vil New York, p. 18.
- ³⁷ Gade pwosè vèbal reyinyon an, Reyinyon Kominote Sipèvizyon Pwogram Kapital la, Otorite Transpò Metwopoliten, 18 oktòb 2021, <https://new.mta.info/document/58806>
- ³⁸ Gade referans 37 la..